МУНИЦИПАЛЬНОЕ БЮДЖЕТНОЕ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНОЕ УЧРЕЖДЕНИЕ СРЕДНЯЯ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНАЯ ШКОЛА № 2 С.ОКТЯБРЬСКОЕ

| | |
|---|---|
| **Согласовано:** | **Утверждаю:** |
| Зам.директора по УВР _________Есиева Э.С. | Директор МБОУ СОШ № 2 с.Октябрьское |
| «____»___________20____г. | ______________________Датиева И.М. |
| | «________»___________________20____г. |

# Рабочая программа

# по родной литературе 3 – класс

# учитель начальных классов Джагаева Залина Борисовна

# 2017 – 2018 учебный год

Кусæн программæ

Ирон литературон кæсынадæй

<u>3 къласс</u>

# Æмбарынгæнæн фыстæг

Кусæн программæ арæзт у ног стандарты домæнтæм гæсгæ æмæ ЮНЕСКО-йы кафедрæйы арæзт ахуырадон комплекты бындурыл. Ирон литературон кæсынадæн лæвæрд цæуы къуыри 2 сахаты (æдæппæт 34 ахуырадон къуырийы-68 сахаты)

Сывæллæтты алывæрсыг рæзтæн райдайæн скъолайы æрцæуы.

Уымæ гæсгæ ирон æвзаг ахуыр кæныны хъуыддаг арæзт у ахæм нысан æмæ хæстæ сæххæст кæнынмæ:

- хъуамæ сывæллæттæ сæ кæрæдзимæ иронау дзурын сахуыр уой. Уый тыххæй та хъæуы фидар фæлтæрддзинад кæсын, фыссын æмæ хъуыды кæнынæй;

- иумæйаг ахуырадон зонындзинæдтæ бæрзонддæр кæнын; ныхасы рæзтыл кусын; фылдæр базонынмæ æмæ интеллект уæрæхдæр кæнынмæ тырнын;

- мадæлон æвзаджы фæрцы сывæллоны алывæрсыгæй хъомыл кæнын;

- хъæзты хуызы сывæллæтты эмоционалон уавæр рæзын кæнын;

- зонындзинæдтæ фылдæр кæнынмæ тырнындзинад рæзын кæнын.

Куыд зонæм, афтæмæй æппæтæй хуыздæр фадат уыцы нысантæ сæххæст кæнынæн ис кæсыны урокты.

Ног (дыккаг фæлтæры) стандартты домæнтæ сты, цæмæй Уæрæсейы цæрæг алы адæмæн дæр йе ´взаджы кад сæхи ´хсæн бæрзонддæр ист æрцæуа, цæхгæр фæхуыздæр уа мадæлон æвзаг ахуыр кæныны хъуыддаг. Уыцы хæстæ та æххæст кæны райдайæн скъола.

**Кæсыны программæйы сæйраг идея** у скъоладзауы ахуыры процессы сæйраг архайæг уæвынмæ сразæнгард кæнын.

**Кæсыны программæйы сæйраг хицæндзинад** – скъоладзаутæн комплексон æгъдауæй литературон кæсынады æгъдæуттæ бацамонын.

**Кæсыны программæйы спецификон хицæндзинæдтæ:**

- текстыл куыст куыд ныхасы иуæгыл;

-литературон уацмысты дзырдты аивдзинад æмбарын æмæ сын сæ хицæндзинæдтæ жанртæм гæсгæ иртасын;

-уацмысы æвзаг æмæ сывæллæтты ныхасыл уыцы иумæ куыст;

-уацмысыл æмæ сывæллæттæн фыст чингуытыл иумæйагæй кусын;

-сывæллæттæн тексты тыххæй зонындзинæдтæ дæттын, æмæ аивадон - литературон уацмысты мидис æмбарын кæнгæйæ сабиты миддуне хъæздыгдæр кæнынил куыст.

Программæ домы, цæмæй скъоладзаутæ базоной тексты сæйрагдæр хъуыды рахицæн кæнын, уацмысы мидис хи ныхæстæй радзурын, дзырдты нысаниуæг зонын, текстæн йæ аивадон æууæлтæ рахатын; сахуыр уой хъуыды кæнын, рæза сæ аивадон æнкъарынад, цымыдис æмæ разæнгард кæной чиныг кæсынмæ.

**Кæсыны программæйы сæйраг нысан:** сабиты чиныг кæсынмæ разæнгард кæнын ; ирон, уырыссаг ама æппæтдунеон литературæйы хуыздæр уацмысты фæрцы сывæллæтты миддуне хъæздыгдæр кæнын.

**Кæсыны программæйы сæйраг хæстæ:**

1. скъоладзауты дзырдгай хъæрæй кæсын ахуыр кæнын;

2. чиныг кæнæ хицæн уацмысы мидис æмбарын;

3. литературон уацмыстæ жанртæм гæсгæ æвзарын зонын;

4. сывæллæттæн фыст литературæйы зындгонддæр авторты зонын; цы уацымстæ ахуыр кæнынц, уыдоны авторты зæрдыл дарын.

5. уацмысы архайджыты мидуавæр æнкъарын;

6. цардмæ эстетикон æнкъарæнтæ гуырын кæнын;

7. сывæллæтты дунеæмбарынад уæрæх кæнын;

8. сывæллæтты ныхас хæздыг кæнын;

9. скъоладзауты чиныг кæсынмæ разæнгард кæнын.

**2. Текстыл кусгæйæ сывæллæтты ныхасы арæхстдзинад рæзынгæнæн мадзæлттæ:**

1. *Кæсыны навыктæ рæзын кæнын:*

- раст æмæ æмбаргæ каст;

- дзырдгай каст;

- хуыздæр кæсæджы конкурстæ æмæ ерыстæ аразын;

- тагъд кæсыныл фæлтæрын.

*2. Аив кæсын æмæдзурын:*

- хъæрæй æмæхинымæры каст;

- раст дикции аразын, хъæлæсонтæ æмæ æмхъæлæсонты раст артикуляцийыл куыст;

- тагъддзуринæгтæ кæсын;

- орфоэпийы нормæтæ ахуыр кæнын;

- рольтæм гæсгæ кæсын.

**3. 2-æм къласы «Литературон кæсынады» сæйраг ахуыргæнинаг æрмæг (68 сах.)**

Сæрды мысинæгтæ (5сах.). Дуне у уыци-уыцитæй конд, уыдонмæ сызгъæрин дæгъæл – зонд (3сах.). Байрай, бæркадджын бурз фæззæг!(5сах.). Мæргътæ æмæ цæрæгойты дунейы(10сах.). .). Скодта Митын Лæг йæ урс кæрц(10сах.). Кæмæн цы…(4сах). Хорз зæрдæйæн – уарзт (7сах). Чи фехъуыста диссæгтæ, диссæгтæ – тæмæссæгтæ?(4сах.). Æфтауы бæстæ дидинæг, сыфтæр!(6сах.).Уæлахизы бæрæгбон(5сах). Кæм райгуырдтæн, мæхи кæм базыдтон(7сах.). Уæлæмхасæн æрмæг(2сах). Фольклоры чысыл хуызтæ: уыци-уыцитæ, æмбисæндтæ, нымайæнтæ, ирхæфсæнтæ. Адæмон сфæлдыстад: адæм æмæ цæрæгойты тыххæй аргъæуттæ. Палиндромтæ. Аив литературон жанртæ(басня, радзырд, аргъау, æмдзæвгæ). Зымæг, фæззæг, уалдзæг æмæ сæрды тыххæй уацмыстæ.

Ирон сывæллæттæн чи фыста, уыцы классикты сфæлдыстад (Хетæгкаты Къоста, Гæдиаты Секъа, , Коцойты Арсен, Цæрукъаты Валодя, Дзесты Куыдзæг æмæ иннæтæ). Нырыккон фысджыты сфæлдыстад (Джыккайты Шамиль, Чеджемты Геор, Къадзаты Станислав æмæ иннæтæ). Уацмысты мидис. Аргъæутты геройты фæлгонцтæ, сфæлдыстадон хæслæвæрдтæ(радзырд кæронмæ ахæццæ кæнын, сæргонд æрхъуыды кæнын æмæ а.д.); уацмыс аивгæнæн мадзæлттæ.

Сабидуджы тыххæй уацмыстæ æмæ сæ автортæ. Уырыссаг литературæйæ æрбайсгæ уацмыстæ. Сæ авторты сын зонын(Е. Пермяк, К. Ушинский, М. Зощенко æмæ æнд.). Зæрдывæрдæй ахуыргæнинаг æрмæг æмæ кæсыны æрмæг.

| № | Сахæтты нымæц | Урочы темæ | Урочы тип | Равзаринаг фарстатæ | Скъоладзауты зонындзинæдтæм домæнтæ |
|---|---|---|---|---|---|
| **Сæрды мысинæгтæ (3сах)** | | | | | |
| 11 | 1 | Хетæгкаты Къ. «Сæрд». Тагъддзуринаг. Астемыраты И. «Сæрдыгон нывтæ» | Ног темæ ахуыр кæныны урок | Авторты царды хабæрттæ. Уацмысты жанртæ зонын. Æрдзы рæсугъддзинад æмæ хъæздыгдзинад æмбарын æмæ йын аргъ кæнын. Чиныджы нывмæ гæсгæ сæрды тыххæй чысыл радзырд саразын. Тагъдзуринаг бахъуыды кæнын. Æмдзæвгæ зæрдывæрдæй сахуыр кæнын. Астемыраты Изеты 4 æмæ 5-æм нхъонтæй иу зæрдыл бадарын. | **Зонын:** цæмæй райы поэты зæрдæ; æрдзы хъæздыгдзинад куыд равдыста æмæ ног дзырдты нысаниуæг **Арæхсын:** хъæугæ уацмыс ссарынмæ; æмдзæвгæйы мидис зонын æмæ йæ зæрдывæрдæй дзурын, тагъддзуринаг раст кæсын æмæ дзурын. |
| 2 | 1 | Аргъау «Рувас æмæ уæрыкк» Æмбесонд. Ирхæфсæн | Ног æрмæг | Жанр: аргъау. Цæмæн у аргъау? Афæдзы афонтæй кæцыты цæуы архайд? Аргъау æмæ литературон аргъауы хицæндзинад æмбарын. Текст хи ныхæстæй дзурын, хæйттыл æй дих кæнын зонын. Уацмысы сæйраг хъуыды. | **Зонын**: уасмысты сæргæндтæ, жанртæ, сæ авторты нæмттæ, сæ сæйраг мидис, нывмæ гæсгæ чысыл радзырд аразын.<br><br>**Арæхсын:**<br><br>– уацмыс аив, раст, æмæ æмбаргæ кæсынмæ<br><br>– уацмысы темæ æмæ сæйраг хъуыды рахицæн кæнынмæ;<br><br>– ирхæфсæн зæрдывæрдæй ахуыр |
| 3 | 1 | Чеджемты Г. «Сызгъæрин лæппу» (скъуыддзаг 1-аг хай). Текст. | Ног æрмæг | Уацмысы жанр зонын. Ирбег Айсеты фæдзæхст куыд æххæст кодта? Нанайы ныхæстæ йæ дисы цæмæн бафтыдтой? Цы йын бафæдзæхста нана æмæ цæмæн? Радзырды 1-аг хайæн ног сæргонд æрхъуыды кæнын. Тексты мидис кæронмæ радзурын. Цæмæн æй схуыдта автор «Сыгъзæрин лæппу?» Текст æмбаргæ каст кæнын. йæ сæйраг хъуыды йын æмбарын. Цæмæн у райгуырæн зæхх тыхдæттæг? Цы у текст? | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | кæнынмæ;<br><br>– текст хи ныхæстæй дзурынмæ, хæйттыл æй ди кæнынмæ, пълан ын аразынмæ<br><br>- тексты сæйраг хъуыды хицæн кæнынмæ. |
| **Дуне у уыци-уыцитæй конд, уыдонмæ сыгъзæрин дæгъæл – зонд (3 сах)** | | | | | |
| 1 | 1 | Эзоп «Рувас æмæ сæгъ» (басня). Æртæ зондабийы(англисаг фольклорæй) | Ног æрмæг | Жанр:Басня. Чи уыд Эзоп? Текст кæсын æмæ йæ хи ныхæстæй дзурын. Чиныджы нывы басняйы кæцы хаймæ ахæссæн ис? Басняйы сæйраг хъуыды. Сæгъæй рувасæй чи уыди зондджындæр. | **Зонын:**<br><br>- уасмысты сæргæндтæ;<br><br>-жанртæ, авторты нæмттæ;<br><br>-сæйраг мидис;<br><br>-сæрды мæйты нæмттæ<br><br>**Арæхсын:**<br><br>– уацмыстæ аив, раст, æмæ æмбаргæ кæсынмæ;<br><br>-уыци-уыцитæ æмæ ирхæфсæнтæ зæрдывæрдæй дзурынмæ;<br><br>-тагъддзуринæгтæ рæвдз æмæ раст дзурынмæ |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 2 | 1 | М. Зощенко «Æппæты сæйрагдæр» | Ног æрмæг. | Уацмысы жанр. Йæ автор æмæ тæлмацгæнæг. Æнæзонгæ дзырдтыл куыст. Уацмысы сæйраг хъуыды. Цæуыл мæт кодта Андрейы мад? Тæппуд уæвын цæмæй æвзæр у? Цы у æппæтæй сæйрагдæр, авторы хъуыдымæ гæсгæ, сывæллоны хъомылады? Радзырды мидисмæ гæсгæ цыбыр сочинени ныффыссын сабитæн сæхи миниуджыты тыххæй. | |
| 3 | 1 | Джыккайты Ш. «Хæмæтты балц сахармæ». Къадзаты С. «Мæстæймарæн». | Ног æрмæг | Уацмысы автор, йæ жанр æмæ йæ сæйраг хъуыды. Хæмæтты фæлгонц. Цы у Хæмæтæн йæ царды æппæтæй зынаргъдæр. Цы зæгъынмæ хъавыд автор Хæмæтты фæлгонцæй. Цы у диалог? Чи кæимæ дзуры радзырды. Мæстæймарæн зæрдывæрдæй сахуыр кæнын. æмбисæндты хъуыды зæрдыл бадарын. | |
| **Байрай бæркадджын, бурзачъе фæззæг! (5сах)** | | | | | |
| 1 | 1 | Хетæгкаты Къ. «Фæззæг». Хозиты Я. «Сабитæ æмæ фæззæг». Æмбисæндтæ. | Ног темæ ахуыр кæныны урок | Уацмысты автортæ, сæ жанртæ, темæ æмæ сæйраг хъуыды. Æмдзæвгæты мидис æмбарын. Диалогы архайын. Архайджыты миниуджытæ. Æрдзы ивддзинæдтæ фæззыгон. Æмбисæндтæ зæрдыл бадарын. Цы ис æмхуызонæй дыууæ æмдзæвгæйы? Нывы цы халсартæ æмæ дыргъытæ ис, уыдоны нæмттæ зонын. Зæрдывæрдæй Къостайы æмдзæвгæ сахуыр кæнын. | **Зонын:**<br><br>- уасмысты сæргæндтæ;<br><br>-жанртæ, авторты нæмттæ;<br><br>-сæйраг мидис;<br><br>-сæрды мæйты |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | нæмттæ<br><br>**Арæхсын:**<br><br>– уацмыстæ аив, раст, æмæ æмбаргæ кæсынмæ;<br><br>-уыци-уыцитæ æмæ ирхæфсæнтæ зæрдывæрдæй дзурынмæ;<br><br>-тагъддзуринæгтæ рæвдз æмæ раст дзурынмæ |
| 2-3 | 2 | Чеджемты Г. «Афтæ райдыдта фæззæг»….. | Ног æрмæг ахуыр æмæ фидар кæнын. | Жанр. Афæдзы афон. Адæймаг æмæ цæрæгойты'хсæн ахаст. Æмбаргæ æмæ аив каст. æнæзонгæ дзырдтыл бакусын. Текстæй хъæугæ скъуыддзаг æвзарын. Интонацийы фæрцы хъуыдыйады мидис раст æмбарын. Æнцойгæнæн дзырдтæ. Къордты куыст. Нывтæм гæсгæ куыст. Текст хæйттыл дих кæнын. Алы хаймæ дæр ныв тæ скæнын, кæнæ радзырдтæ æрхъуыды кæнын. | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 4 | 1 | Цæрукъаты В. «Бабызы лæппын». Хъодзаты Æ.«Парчы». Чеджемты Г. «Хърихъупп» | Ног æрмæг | Уацмысты жанртæ, сæ автортæ, сæ сæйраг хъуыды. Архайджыты митæн аргъ кæнын. Хъæддаг æмæ хæдзарон мæргъты миниуджытæ. Хæдзарон бабыз цæмæн атахт хъæддæгтимæ (сабиты хъуыдытæм байхъусын). Радзырдыл куыст. Цæмæн уыд парк афтид. Цæмæй базонæн ис радзырды фæззæджы миниуджытæ? Цæмæн хоны автор доныхъазты æнусон уæздандзинады æвдисæнтæ? Цы у олицетворени? «Хърихъупп» зæрдывæрдæй сахуыр кæнын. Нывтыл бакусын. | |
| 5 | 1 | Лæмбынæг кастæ?<br><br>**Тест№1** | Рефлекси. Контролон урок | Хи зонындзинæдтæ сбæрæг кæнын. Сæрд æмæ фæззæджы тыххæй цы æрмæг рацыдысты, уымæй цы бадардтой сæ зæрдыл. Хи цæстæнгас равдисын. Цыбыр радзырдтæ аразын. Уацмысты жанртæ. Æмдзæвгæтæ зæрдывæрдæй дзурын. Æмбисæндтæ, тагъддзуринæгтæ. Цы автортимæ базонгæ сты, уыдонæй кæй бахъуыды кодтой. Нывтыл куыст. Хи архайдæн аргъ скæнын æмæ а.д.. | |
| **Мæргътæ æмæ цæрæгойты дунейы(10сах).** | | | | | |
| 1 | 1 | Хетæгкаты Къ. «Цъиу æмæ сывæллæттæ». М. Пришвин. «Дыууæ дзывылдары». | Ног темæ ахуыр кæныны урок | Жанр. Аив кæсын, орфоэпийы нормæтæ хынцгæйæ. Зæрдæйы æнкъарæнтæ равдисын. Диалогы архайын. Цы зонд | **Зонын:**<br><br>- уасмысты |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | амоны æмдзæвгæ-аргъау? Адæймаджы миниуджытæй дзы цавæрыл дзырд цæуы. Адæймаг æмæ цæрæгойты 'хсæн ахастытæ. ? Фæрстытæн дзуапп дæттын. Æмдзæвгæ зæрдывæрдæй сахуыр кæнын. Радзырды сæйраг хъуыды. Куыд архайдтой дзывылдартæ, адæймаджы куы федтой, уæд. Уацмыс хæйттыл дих кæнын. Диалогы архайын. Æмдзæвгæйы цъиуимæ йæ абарын. Зынæмбарæн дзырдтыл куыст. Æмдзæвгæ зæрдывæрдæй сахуыр кæнын. | сæргæндтæ;<br><br>-жанртæ, авторты нæмттæ;<br><br>-сæйраг мидис;<br><br>-сæрды мæйты нæмттæ<br><br>**Арæхсын:**<br><br>– уацмыстæ аив, раст, æмæ æмбаргæ кæсынмæ;<br><br>-уыци-уыцитæ æмæ ирхæфсæнтæ зæрдывæрдæй дзурынмæ;<br><br>-тагъддзуринæгтæ рæвдз æмæ раст дзурынмæ |
| 2 | 1 | Хаджеты Т. «Чысыл ныв». Ирхæфсæн. Астемыраты И. «Тикис æма мистæ». | Ног æрмæг | Жанр. Автортæ. Текстимæ куыст. Фыццаг æмдзæвгæйы - мад æмæ хъæбулы ахаст. Цæмæй ныфсджын уыд гыццыл цъиу? æмдзæвгæ аив кæсын. Ирхæфсæн зæрдыл бадарын. Дыгурон диалекты нысаниуæджы тыххæй радзурын. Диалект цы у ,уый зæрдыл æрлæууын кæнын. Чи уыд æмдзæвгæйы зондджындæр? Æмбисонд зæрдыл бадарын. Æмдзæвгæ аив кæсын. | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 3 | 1 | Джыккайты Ш. «Æхсары цуан». Тагъддзуринаг. | Ног æрмæг | Уацмысы жанр, автор. Темæ, сæйраг хъуыды. Цавæр лæппу схонæн ис Æхсары? Иубон цы ныв федта, уый куыд аивта Æхсары миддуне. Сабиты хъуыдытæ базонын Æхсары миты тыххæй. Радзырд хæйттыл адих кæнын, алы хайæн дæр сæргонд æрхъуыды кæнын, кæнæ радзырдæн æндæр кæрон æрхъуыды кæнын. Тагъддзуринаг зæрдыл бадарын. | |
| 4 | 1 | Мæлдзыг æмæ æхсæнкъ. Ирхæфсæн. | Ног æрмæг | Аргъауы сæйраг хъуыды. Литературон æмæ адæмон аргъауы хицæндзинад. Аив кæсын, хи ныхæстæй дзурын. Хæларыл иузæрдион уæвын, йæ ферсæзын кæныны тыххæй цыфæнды зындзинадæн дæр бафæразын. Æнæхипайда æххуыс чи бакодта æхсæнкъæн? Хæдзарон цæрæгойты миниуджытæ. Хи хъуыдытæ зæгъын. Иннæ цæрæгойты миниуджыты тыххæй радзурын. Нвтыл куыст. Ирхæфсæн зæрдыл бадарын. | |
| 5 | 1 | Хъодзаты Æ. «Æнкъард хабар» | Ног æрмæг | Уацмысы жанр, автор. Темæ, сæйраг хъуыды. Чи у радзырды сæйраг архайæг? Аив кæсын, архайджытæн характеристикæ дæттын. Диалогы архайын.. Адæймаджы хорз æмæ æвзæр миниуджытæн аргъ кæнын. Фæрстытæн дзуапп дæттын. | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 6 | 1 | Мæрзойты С. «Сæгуыты лæппын». Дзасохты М. «Уыци-уыци» | Ног æрмæг | Автор, уацмысы жанр. Темæ, сæйраг хъуыды. Чи баххуыс кодта сæгуытæн? Цавæр лæппу уыд Умар? Цуанон та? Кæуыл æууæндынц цæрæгойтæ? Тæрсгæ та цавæр адæймæгтæй кæнынц? Адæймаджы хорз æмæ æвзæр миниуджытæн аргъ кæнын. Цыбыр фысгæ кæнæ дзургæ сочинени æрхъуыды кæнын. Уыци-уыци зæрдывæрдæй сахуыр кæнын | |
| 7 | 1 | В. Бианки. «Уыг». Ирхæфсæн. | Ног æрмæг | Автор, уацмысы жанр. Темæ, сæйраг хъуыды. Литературон аргъауы хицæндзинад. Уыг æмæ зæронд лæдджы ахаст. Чи сæразынд зонддджындæр? Аив кæсын. Текст хæйттыл дих кæнын, сæргæндтæ сын æрхъуыды кæнын. Ирхæфсæн зæрдыл бадарын. | |
| 8-10 | 1-3 | Чеджемты Г. «Хъæдды æмбисæндтæ»….. Ирхæфсæн | Ног æрмæг (2сах).<br><br>Фæлхат кæныны урок (1сах). | Литературон аргъау, йæ автор, йæ хицæндзинад адæмон аргъауæй. Уацмыс кæсын æмæ хи хъуыдытæ дзурын архайджыты миниуджыты тыххæй. Цуаноны мийæн аргъ скæнын. Аргъаумæ гæсгæ куыд схонæн ис рувас æмæ бирæгъы. Цæуылнæ баххуыс кодта рувас бирæгъæн? Цуанонимæ сæ абарын. Ирхæфсæн зæрдыл бадарын.<br><br>Хи зонындзинæдтæ сбæрæг кæнын. Цы бахъуыды кодтон рацыд æрмæгтæй. Мæ зæрдæмæ арфдæр цы бахызт. Уацмысты архайджытæй кæй бафæзмыдтаин? | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **Скодта митын лæг йæ урс кæрц.** | | | | | |
| 1 | 1 | Хозиты Я. «Сабитæ æмæ зымæг». Тагъддзуринаг. | Ног темæ ахуыр кæныны урок | Уацмысы жанр, йæ автор, йæ темæ æмæ сæйраг хъуыды. Зымæджы миниуджытæ. Аив кæсын орфоэпион нормæтæм гæсгæ. Ног дзырдтæ бахъуыды кæнын. Диалогон ныхасы хицæндзинад. Диалогы архайын. Фæрстытæн дзуапп дæттын. Ныв тæм гæсгæ сочинени æрхъуыды кæнын. Тагъддзуринаг зæрдыл бадарын. | **Зонын:**<br><br>- уасмысты сæргæндтæ;<br><br>-жанртæ, авторты нæмттæ;<br><br>-сæйраг мидис;<br><br>-зымджы мæйты нæмттæ<br><br>**Арæхсын:**<br><br>– уацмыстæ аив, раст, æмæ æмбаргæ кæсынмæ;<br><br>-уыци-уыцитæ æмæ ирхæфсæнтæ зæрдывæрдæй дзурынмæ;<br><br>-тагъддзуринæгтæ рæвдз æмæ раст дзурынмæ; |
| 2 | 1 | Дзугаты Г. «Зымæг» | Ног æрмæг | Литературон аргъау, йæ автор, темæ, сæйраг хъуыды. Ног дзырдтыл бакусын. Æмбаргæ каст. Зымæг кæимæ фембæлд, уыцы адæймæгтæ æмæ цæрæгойтыл цæуылнæ фæрдтых? Адæймаджы æмæ цæрæгойты цавæр | -алыхуызы жанрты уацмыстæ хи ныхстæй дзурынмæ;<br><br>-æмдзæвгæтæ |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | миниуджытыл дзырд цæуы аргъауы? Цы зонд амоны аргъау? Фæрстытæн дзуапп дæттын. Сабитæн сæхи хъуыдытæм байхъусын. | зæрдывæрдæй дзурынмæ;<br><br>-дыгурон текстытæ раст кæсынмæ; |
| 3 | 1 | Дзарасути Г. «Бацеу-бацеу». Кокайты Т. «Зымæг хæхты». Къадзаты С. «Цымыдис». | Ног æрмæг | Уыци- уыци бахъуыды кæнын. Æмдзæвгæтæ аив кæсын. Нывмæ гæсгæ куыст. Пейзаж. Æмдзæвгæтæй иу зæрдывæрдæй сахуыр кæнын. | -уацмыстæн æндæр, райдиан, кæрон æмæ сæргæндтæ хъуыды кæнын. |
| 4 | 1 | Асаты А. «Зымæгон цуан». | Ног æрмæг | Литературон аргъау. Уацмысы жанр,йæ автор. Аргъауы темæ, сæйраг хъуыды. Хъæддаг цæрæгойты миниуджытæ. Уыг æмæ мысты ахаст сæ кæрæдзимæ. Текст хи ныхæстæй дзурын. Уацмысы кæрон уæ зæрдæмæ фæцыд? Кæд нæ, уæд ын æндæр кæрон æрхъуыды кæнын. | |
| 5 | 1 | Хозиты М. «Зымæгон». Уалыты Л. « Зымæгон ныв» Уыци-уыци. Хетæгкаты Къ. «Нæ уæгбонты зарæг». Æмбисонд. | Ног æрмæг | Лирикон æмдзæвгæ. Автор. Зымæгон æрдзы ивддзинæдтæ. Цæрæгойты миниуджытæ. Нывтæм гæсгæ цæрæгойты царды тыххæй радзырд кæнæ сочинени æрхъуыды кæнын. Зæрдывæрдæй «Хæдзаронтæ» сахуыр кæнын. Æмбисонд зæрдыл бадарын. Уæлæмхасæн æрмæгæй спайда кæнын(чиныджы кæрон). Къордтæй куыст. | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 6-7 | 1-2 | С. Михалков. «Ног азы чи 'рцыд, ахæм æцæг хабар». | Ног æрмæг | Литературон аргъау, авторы тыххæй радзурын. Йæ хицæндзинад. Зымæгон хъæды фæлыст. Наз бæласы рæсугъддзинад. Хæларзæрдæ æмæ æууæнк. Цæмæй тарсти наз бæлас йæ хицæн? Хъæдгæсы фæлгонц. Диалогон ныхас. Радзырд хæйттыл дих кæнын. Фæрстытæн дзуæппытæ дæттын. | |
| 8 | 1 | Асаты А. «Зымæгон нывтæ». | Ног æрмæг | Лирикон æмдзæвгæ. Автор. Зымæгон æрдзы нывтæ. Хæдзарон цæрæгойты миниуджытæ зымæгон. Тæхгæ хъулон цъиу кæцæй кæртмæ цæмæн æртахт? Чи у лирикон герой ацы æмдзæвгæйы? Æмдзæвгæйы кæрон куыд зæгъы автор, зæрдæ цæмæй æвæры? Цымæ цæмæн? Цавæр æмбисонд æрхæссæн ис ардæм?(«Фыдлæг æмæ фыдбон бирæ нæ хæссынц»). | |
| 9 | 1 | Къадзаты С. «Калы дун-дуне тæмæн». Дзаболаты Х. «Дымгæ, футгæнгæ, цæгатæй…». Уыци-уыци. | Ног æрмæг. Рефлекси. | Æмдзæвгæты автортæ. Зымæгон хъызт. Цавæр дзырдты фæрцы æвдисынц автортæ зымæгон æрдзы нывтæ?<br><br>Хи зонындзинæдтæ сбæрæг кæнын. Цы бахъуыды кодтон рацыд æрмæгæй. Мæ зæрдыл тынгдæр цы бадардтон. Куыд равдыстой фысджытæ зымæгон æрдзы нывтæ æмæ хæдзарон цæрæгойты миниуджытæ. Цавæр æмдзæвгæтæ зонын зæрдывæрдæй. Цы цæстæнгас мæм сæвзæрд уацмысы сæйраг персонажмæ? Афæдзы афонтæй мæ зæрдæмæ тынгдæр кæцы цæуы? Цæмæн? | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 10 | 1 | Лæмбынæг кастæ?<br><br>**Тест№2 кæнæ нывмæ гæсгæ сочинени** | Контролон урок. | Чиныджы фæрстытæм гæсгæ. | **Зонын:**<br><br>-рацыд æрмæгæй алы жанртæй уацмысты мидис зонын;<br><br>-æрдзы миниуджытæ афæдзы алы афонты;<br><br>-уацмысты авторты;<br><br>-аргъау адæмон у æви литературон æмæ а.д.<br><br>**Арæхсын:**<br><br>- уацмыстæ аив, раст, æмæ æмбаргæ кæсынмæ;<br><br>-уыци-уыцитæ æмæ ирхæфсæнтæ зæрдывæрдæй дзурынмæ;<br><br>-тагъддзуринæгтæ рæвдз æмæ раст дзурынмæ;<br><br>-рацыд темæйæ сочинени фыссынмæ. |
| **Кæмæн цы…(4сах)** | | | | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 1 | Хетæгкаты Къ. « Кæмæн цы… . Колити В.«Гиризтæ» (Тагъддзоруйнаг). Джыккайты Ш. «Хъохъо». | Ног темæ ахуыр кæныны урок | Æмдзæвгæйы автортæ. Ног дзырдтыл куыст. Рифмæзæрдыл æрлæууын кæнын. Цавæр миниуджытæ фауынц поэттæ? Хорз та цымæ цы у ? Тыхджынæй тыхджындæртæ вæййы? Цæмæ сайы къæйныхдзинад? Поэтты сæйраг хъуыдытæ. Къостайы æмдзæвгæ «Кæмæн цы...» зæрдывæрдæй сахуыр кæнын. | |
| 2 | 1 | С. Михалков «Бирæгъыл сайд куыд æрцыди». | Ног æрмæг | Литературон аргъау. Йæ хицæндзинад адæмон аргъауæй. Текст аив æмæ раст кæсын. Уæздандзинад æмæ æдзæсгомдзинад. Рæдыд афойнадыл раст кæнын зонын. Нывмæ гæсгæ куыст. Дзырдуатон куыст. Сценкæ саразын. | |
| 3 | 1 | Астемыраты И. «Фыдфыдуæгты Фыдбылыз, кæнæ Амындтытæ-ардыдтытæ» | Ног æрмæг | Автор, уацмысы жанр зонын. Адæймаджы æвæрццæг æмæ æппæрццæг миниуджытæ. Ног дзырдтæ бахъуыды кæнын. Цæмæн схуыдта автор йæ уацмыс афтæ? Ардауынмæ хъусын хорз у? Куыд разылдысты Гæбæцайæн йæ хинтæ йæхиуыл? Уацмыс раст æмæ аив кæсын. | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 4 | 1 | В. Голявкин. «Скъаппы». | Ног æрмæг | Автор. Цы 'рцыдис Цыпкиныл? Цавæр лæппу рахонæн ын ис? Æфсæрмыгæнаг схонæн ын ис? Цæмæн? Уыцы хъуыды кæм рабæрæг, уыцы бынат ссарын æмæ йæ бакæсын. Диалогон ныхас. Фæрстытæн дзуапп дæттын. Аив кæсын. | |
| **Хорз зæрдæйæн – уарзт (7сах)** | | | | | |
| 1 | 1 | Дзасохты М. «Ныстуантæ». Колити В. «Зæирæ». Æмбесонд. Ерхæфсæн. | Ног темæ ахуыр кæныны урок | Темæйы мидис. Уацмысты жанртæ, сæ сæйраг хъуыды. Цæмæ разæнгард кæнынц сабиты? Цы у æгъдау? Æмдзæвгæтæй иу (фæндонмæ гæсгæ) зæрдывæрдæй сахуыр кæнын. Дзырдуат. | |
| 2 | 1 | Тъехты Амыран. «Бæгъæг раст бакодта». Ерхæфсæн. | Ног æрмæг | Автор, уацмысы жанр. Текст раст æмæ аив кæсын. Уацмысы сæйраг хъуыды. Адæймаджы хорз миниуджытæ. Æвзæр миниуджытæ æмæ сæ аххосæгтæ. Бæгъæг цæмæй раст уыди, йæ фыдмæ кæй нæ байхъуыста, уымæй? Хъæлæсы уагæй фыд æмæ фырты, уый фæстæ та – милиционер æмæ зæронд лæджы ныхæстæ хицæн кæнын. Ерхæфсæны ног дзырдты нысаниуæг бахъуыды кæнын, Ерхæфсæн раст кæсын. | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 3-4 | 1-2 | Г.Х.Андерсен. «Фондзæй иу кæрддзæмы». | Ног æрмæг | Литературон аргъау, йæ сæйраг хъуыды. Аргъау æмбаргæ каст кæнын. Хорз æмæ æвзæр миниуджытæ-хивæнд, зивæгæнаг æмæ хиппæлой. Аргъауы алы хаймæ дæр пълан саразын æмæ йæ хи ныхæстæй дзурын. Хъæдуры гагаты хуызы адæймаджы цавæр фæзминаг æмæ фауинаг миниуджытæ æвдыст æрцыд аргъауы? Беседæ: «Хорз адæймаг цавæр хъуамæ уа?». | |
| 5 | 1 | Адæмон аргъау «Узун æмæ паддзах. Æмбисæдтæ. Багаты Л. «Æцæг æмбал». | Ног æрмæг | Уацмысты жанртæ сæ сæйраг хъуыды. Аргъау бакæсын йæ мидис ын бамбарын кæнын. æмбисондыл бакусын. Чи уыд радзырды æцæг æмбал? Скъоладзауты бафæрсын: уыдон та куыд бакодтаиккой ахæм уавæры. Хæлардзинады æнкъарæнтæ рæзын кæнын. Къæйттæй куыст-диалогы архайын. Аив кæсын æмæ хи ныхæстæй дзурын. | |
| 6 | 1 | Чеджемты Г. «Ном» 1-2 хай. Тагъддзуринаг. | Ног æрмæг | Уацмысы сæйраг хъуыды. Цæмæн хуыйны радзырд «Ном»? Нæгыццыл герой цæмæн маст кодта йæ номыл. Архайд цы рæстæджы цæуы, уымæн характеристикæ дæттын. Адæмы цард уыцы рæстæг. Къониты Сауы фæлгонц. Куыд ныссыгъдæг кæнын кодта Сау сидзæргæс устыты цæхæрадæттæ? Тагъддзуринаг зæрдывæрдæй сахуыр кæнын. | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 7 | 1 | Темæйыл афæлгæст | Рефлекси. Фæлхат кæныны урок. | Хи зонындзинæдтæ сбæрæг кæнын. Цы бахъуыды кодтон рацыд æрмæгæй. Мæ зæрдæмæ арфдæр цы бахызт. Уацмысты архайджытæй кæй бафæзмыдтаин? | |
| **Чи фехъуыст диссæгтæ, диссæгтæ-тæмæссæгтæ? (5сах)** | | | | | |
| 1 | 1 | Асаты Астемыр. «Диссæгтæ». Тагъддзуринаг. | Ног темæ | Темæйы хицæндзинад. Цы сты диссæгтæ-тæмæссæгтæ? Æмдзæвгæ кæсын. Дзырдуат. Нывыл куыст. Цы ис æнахуырæй æмдзæвгæйы? Æмдзæвгæмæ гæсгæ аргъау æрхъуыды кæнын. Тагъддзуринаг зæрдыл бадарын. | |
| 2 | 1 | Къадзаты С. «Алцы иннæрдæм фæцис». «Кадтæй-Цадтæй» (англисаг фольклорæй). | Ног æрмæг | Лирикон æмдзæвгæ. Цæмæн сæмхæццæ кодта поэт æмдзæвгæйы дзырдтæ. Сæ бынæтты сæ сæвæр æмæ йæ афтæмæй бакæс. Зæрдывæрдæй сахуыр кæн æмдзæвгæ. Тагъддзуринаг æмæ æмдзæвгæ зæрдыл бадарын. æмдзæвгæ «Кадтæй-Цадтæй» бакæсын. | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 3 | 1 | Джыккайты Ш. «Тæссаг балц» 1-аг хай. | Ног æрмæг | Авторы зонын.Уацмысы жанр. Ног дзырдтæ бахъуыды кæнын. Радзырдæн æндæр сæргонд дæттын. Нывыл бакусын Пълан аразын. Лæппуйы йæ фантази цавæр тасмæ æркодта? | |
| 4 | 1 | Чеджемты Г. «Сайтан æмæ Сырдон» | Ног æрмæг | Литературон аргъау. Автор. Аргъауы сæйраг хъуыды. Цавæр адæймаджы миниуджытæ æвдисы автор ? Сайын хорз у? Уæдæ аргъæутты та? Цæмæн ныууагъта Гæтæг йæ сайагдæр фырты йæхицæн? Аргъауы персонажтæй дæ зæрдæмæ фылдæр кæцы цæуы? | |
| 5 | 1 | Лæмбынæг кастæ?<br><br>**Тест №3** кæнæ аргъау æрхъуыды кæнын | Фæлхат кæныны æрмæг | Темæйыл афæлгæст, йæхицæндзинат иннæ темæтæгæй. Цы автортимæ базонгæ сты, уыдонæй кæй бахъуыды кодтой. Чиныджы 137-æм фарсы фæрстытæн дзуæппытæ дæттын. | |
| **Æфтауы бæстæдидинæг, сыфтæр! (6сах)** | | | | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 1 | Хетæгкаты Къ. «Чи дæ?» Палиндром. Гæдиаты С. «Уалдзæг Ирыстоны». Ирхæфсæн. | Ног темæ ахуыр кæныны урок | Автор. Жанр. Æмдзæвгæйы афæдзы афон. Зæрдывæрдæй ахуыр кæнын. Палиндромыл бакусын. Нывтыл куыст. Радзырд æмæ æмдзæвгæйы иумæйагæй цы ис? Цы базонæн ис радзырдæй раджы заманы цардæй? Ирхæфсæн бакæсын æмæ йæ бахъуыды кæнын.. | |
| 2 | 2 | Къадзаты С. æмдзæвгæ. Коцойты А. «Тулдз æмæ мæцкъор». Ирхæфсæн. | Ног æрмæг | Уацмысты жанртæ. Автортæ. Æмдзæвгæ аив кæсын, йæ мидис. Радзырд æмæ æмдзæвгæйы сæйраг хъуыды. Дзырдуатон куыст. Тулдз æмæ Мæцкъоры ахаст. Адæймаджы цавæр миниуджытыл дзурынц? Ирхæфсæн зæрдыл бадарын. | |
| 3 | 1 | Асаты А. «Уалдзыгон бæрæгбон». Скъодтати Э. «Рæзбуни». | Ног æрмæг | Лирикон æмдзæвгæ. Автор. Нывтæм гæсгæ куыст. Æнæзонгæ дзырдтæ сбæрæг кæнын. Раст кæсын. Хъæлдзæг хъæлæсы уагæй кæсын. Аив кæсыны конкурс саразын(жюрийы скъоладзаутæ сæхæдæг). | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 4 | 2 | Чеджемты Г. «Арвы дисса»г. Бацеу-бацеу. | Ног æрмæг | Автор. Уацмысы жанр. Аргъауы сæйраг хъуыды. Аргъауы миниуджытæ. Куыд бамбæрстат-мæй къахыр кæд æмæ цæмæн вæййы? Æцæгдзинадæй та дзы цы ис? Бацеу-бацеу зæрдыл бадарын. | |
| **Уæлахизы бæрæгбон** | | | | | |
| 1 | 1 | Баситы М. «Хъæбатыр Иссæ». Æмбисæндтыл куыст. | Ног темæ ахуыр кæныны урок | Радзырды автор, йæ сæйраг хъуыды. Текст раст, æмбаргæ каст бакæнын. Фыдыбæсты Стыр хæсты тыххæй хуымæтæг зонындзинæдтæ радтын. Фæрстытæн дзуæппытæ дæттын. Текст цæгтæй (абзацгай) каст. Иссæ æмæ немыцаг афицеры ныхас рольтæм гæсгæ бакæсын. Æмбисæндтыл бакусын. | |
| 2 | 1 | Дзаттиаты .Т. «Илитæ». | Ног æрмæг | Автор. Уацмысы жанр. Хъæбатыр, ныфсхаст… Ацы дзырдты нысаниуæгыл бакусын. Радзырды чи у ныфсхаст æмæ хъæбатыр. Диалогтæ рольтæм гæсгæ бакæсын. Хæстон хъæбатырдзинады тыххæй сочинени ныффыссын. | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 3 | 2 | Æмбисонд. Бесаты Т. «Цыколайаг лæппутæ». | Ног æрмæг | Автор. Уацмысы жанр. Сæйраг персонажты характеристикæ. Уацмысы цаутæ фæд- фæдыл равæрын, сæйрагдæрты дзы рахицæн кæнын. Бинонтæ: мад æмæ æфсымæрты ’хсæн ахастытæ. Цæуыл уыд мады мæт? Цы у лæгдзинад, хъæбатырдзинад? Чи йæ равдыста радзырды? | |
| 4 | 1 | Цæрукъаты В. «Æнæном салдат». | Ног æрмæг | Лирикон æмдзæвгæ. Автор. Темæ. Цæмæн хуыйны æмдзæвгæ афтæ? Уæлахизы бæрæгбоны цæмæн ахæм кад вæййы æнæном салдатæн. Кæм ын ис цыртдзæвæн? Ирыстоны та хæстон хъæбатыртæн кæм зоныс цыртдзæвæнтæ? | |
| **Кæм райгуырдтæн, мæхи кæм базыдтон** | | | | | |
| 1 | 2 | Бзарты Р. «Ирыстон» | Ног æрмæг | Радзырд. Йæ сæйраг хъуыды.Цавæр дыууæ хайыл дих кæны Ирыстон? Герб æмæ тырысайы нысаниуæг. Райгуырæн бæстæ æмæ ныййарæг мад. Фыдæлты æгъдæуттæ æмæ мадæлон æвзаг. | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 2 | 1 | Гæдиаты Ц. «Цæмæн æй уарзын æз мæ Фыдыбæстæ?» Къадзаты С. «Ирыстон». Палиндром. | Ног æрмæг | Автор. Уацмысы жанр. Цы у ирон лæгæн Фыдыбæстæ? Хи хъуыдытæ зæгъын. Аив, раст æмæ æмбаргæ каст. Нывыл баусын. Ирыстоны рæсугъ бынæтты тыххæй радзурын. Сочинени ныффыссын: «Мæ уарзон горæт, хъæу…» | |
| 3 | 2 | Чеджемты Г. «Курагаты хæрздæф» | Ног æрмæг | | |
| 4 | 1 | Лæмбынæг кастæ? | | | |

**Азы кæронмæ скъоладзаутæ хъуамæ базоной:**

- æмбаргæ, аив æмæ раст кæсын;

- хъæлæсы уаг раст аразын;

- чысыл текст хинымæр кæсын;

- цы уацмыс бакастысты, уый мидисæй фæрстытæн раст дзуæппытæ дæттын;

- сæ хъуыдымæ гæсгæ кæрæдзимæ хæстæг дзырдтæ иртасын;

- радзырд, аргъау,æмдзæвгæ кæрæдзийæ иртасын;

- зындгонд фысджыты нæмттæ зонын, сæ уацмыстæ сын ранымайын.

**Литературæ:**


1. Дзапарты З.Кæсыны чиныг 2 къласæн. Дзæудж. 2011-10
2. Моурауты М. Дидактикон æрмæг ныхасы рæзтыл кусынæн. Дзæудж. 2011
3. Моурауты М. æмбисæндтæ æмæ уыци-уыцитæ. Дзæудж. 2011
4. Моурауты М Дидактикон хъæзтытæ æмæ улæфты минуттæ. Дзæудж. 2011-10-12
5. Уалыты Т.,Джусойты К., Дзытиаты Э. Сывæллæттæ литературæйæ хæслæвæрдтæ 2 къл. Ирон æвзаг æмæ кæсыны уроктæм. Дзæудж. 2005
6. Уалыты Т. Цалдæр ныстуаны æрыгон ахуыргæнæгæн. Дзæудж. 2005
7. Бзарты Р. Нæ Райгуырæн бæстæйы истории. Алан æмæ Уæрæсе ргзаманты.
8. Ирон. æвзаг æмæ литературæйы программæтæ 1-11 къл. Дзæудж. 2005
9. Пагæты З. 1-4 къл. Ахуыргæнинæгтæ кæсын- фыссын куыд зонынц, уымæн бæрæггæнæнтæ æвæрыны бæрцбарæнтæ. Дзæудж. «Иристон» 2003
10. Æлдаттаты В. Нæ алыварсы дуне нывты хуызы. Дзæудж. «Ирыстон» 2003

11. НикандровН.Д.,РыжаковМ.В. Примерные программы начального общего образования. Ч.1 Просв.2009.

12. Демидова М.Ю. и другие. Оценка достижения планируемых результатов в начальной школе. Ч.1 Просв.2010.

Сæрды тыххæй цы æрмæг рацыдысты, уымæй цы бадардтой сæ зæрдыл. Хи хъуыдытæ радзурын. Цыбыр радзырдтæ аразын. Æмдзæвгæ зæрдывæрдæй дзурын.

Диалогы архайын. Цы зонд амоны аргъау? Фæрстытæн дзуапп дæттын. Пълан аразын.

Уацмыс хæйттыл дих кæнын. Диалог аразын. Адæймаджы цавæр миниуджытыл дзырд цæуы радзырды? Аив кæсын, орфоэпийы нормæтæ хынцгæйæ. Аргъауы сырддонцъиуимæйæ абарын

Афæдзы афон. Уацмыс хæйттыл дих кæнын. Сæргæндтæ сын æрхъуыды кæнын

Фæззæджы тарст. Зымæгон нывтæ. Нывимæ куыст. Аив кæсын. Радзырд æрхъуыды кæнын. Фæззæджы мæйтæ

Пълан аразын. Ног дзырдтæ бахъуыды кæнын. Адæймаджы хуыздæр миниуджытæн аргъ кæнын. Рæдыдтыл сæттын æмæ сæ раст кæнын. Радзырдæн æндæр сæргонд дæттын. Нывтыл бакусын. «Сдзурын сæ кæнын». Фæрстытæн дзуапп дæттын.

Бинонтæ: мад, фыд хо æмæ æфсымæры ’хсæн ахастытæ. Рæстдзинад æмæ сайын. Уацмысы сæйраг персонаж. Рæдыд æмæ йæ раст кæнын. Уацмысы цаутæ фæд- фæдыл равæрын, сæйрагдæры дзы рахицæн кæнын

Жанр, темæ. Адæймаджы æвзæр миниуджытæ. Бинонтæ: мад æмæ æфсымæрты ’хсæн ахастытæ. Æмбисонды мидис æмбарын. Хъуыдыйæдтæ хъæугæ дзырдтæй æххæст кæнын. Лирикон æмдзæвгæ. Автор. Зымæгон æрдзы ивддзинæдтæ. Абарст(мит æмæ ссад). Сабиты æнкъарæнтæ.

Зæрдывæрдæй йæ ахуыр кæнын. Уыци-уыци. Радзырд. Зымæгон хъызт. Сырддонцъиуы æргъæвст. Тудзийы диссаджы ми. Абарст(адæймаг æмæ цæрæгойтæ). Радзырд хæйттыл дих кæнын. Сæргæндтæ сын хъуыды кæнын. Къордтæй куыст.

Тагъддзуринæгтæ, æмбисæндтæ æмæ ирхæфсæнтæй цы бахъуыды кодтой. Ахуыргæнæг æмæ скъоладзауты иумæйаг хатдзæг. Сабиты хи хъуыдытæ. Диалогон ныхас. Зæрдывæрдæй чи цавæр æмдзæвгæ бахъуыды кодта. Къордтæй æмæ къæйттæй куыстЛирикон уацмыс. Дзырдуатон куыст. Ныв мæ гæсгæ радзырд кæнæ аргъау æрхъуыды кæнын.

Хи зонындзинæдтæ сбæрæг кæнын. Цы бахъуыды кодтон рацыд æрмæгæй. Мæ зæрдыл тынгдæр цы бадардтон. Радзырд æмæ æмдзæвгæ кæрæдзийæ цæмæй хицæн кæнынц. Чиныджы кæрон цы нывтæ ис, уыдонæй темæ æмæ хæстæгдæр чи у, уымæ гæсгæ чысыл радзырд саразын.

Æмдзæвгæйы афæдзы афон. Дзырд синонимæй ивын. Зæрдывæрдæй ахуыр кæнын. Аргъаумæ æмбисонд æрхæссын. Уацмысы сæйраг хъуыды æвдисæг бынат агурын.

Уацмысты жанртæ, сæ сæйраг хъуыды. Дыууæ чызджы абарын, æмбисæндтæ сæм æрхæссын. Радзырдæн хорз кæрон æрхъуыды кæнын. Фæндонмæ гæсгæ æмдзæвгæйы хай зæрдывæрдæй ахуыр кæнын. Радзырдæн хорз кæрон æрхъуыды кæнын

Уацмысты сæйраг хъуыды. Жанртæ. Адæймаджы æвзæр миниуджытæ: æгоммæгæс, хивæнд хистæры ныхасæн аргъ нæ кæнын. Мады хъомыладон мадзæлттæ. Фарст: Мад раст бакодта?. Басняйы сæйраг хъуыды. Ирхæфсæн кæнæ басня зæрдывæрдæй бахъуыды кæнын.